

The Public Schools of Brookline  
Town Hall  
333 Washington Street, 5<sup>th</sup> Floor  
Brookline, Massachusetts 02445  
617.730.2401

Septanm 2020

Chè Paran ak Responsab,

Chak septanm nou pataje enfòmasyon anyèl ki enpòtan avè w, e ane sa a se menm bagay la. Pake sa ki fèt pou ouvèti lekòl la gen ladan l anpil enfòmasyon ki itil. N ap mande w pou w egzamine l, e kote sa nesèsè, pou w ranpli enfòmasyon an pou ede nou sèvi ou menm ak elèv ou pi byen.

Plan nou se pou n distribye pake sa a sou papye bay tout elèv ki nan lekòl la. Nou pral voye pake sa a nan imèl bay tout lòt fanmi yo, san wete sa ki gen timoun ki nan Akademi Ansèyman a Distans lan. Nou pral mete lòt kopi papye disponib nan biwo lekòl yo si w ta renmen jwenn yon pake ki enprime kounye a oswa si w bezwen youn lè pitit ou toutnen nan lekòl toutbon an.

#### **Kat Sante e Medikal la (kat koulè vè sitwon)**

- Lè w resevwa yon kopi pake sa a sou papye (lè pitit ou tounen lekòl), pral gen yon kat koulè vè sitwon ansanm avè l, se Kat Sante e Medikal la.
- Lè w resevwa Kat Sante e Medikal la, tanpri, egzamine enfòmasyon yo epi fè mizajou ladan yo si sa nesèsè.
- **Voye kat ki fin ranpli a bay lekòl la ansanm ak pitit ou.** N ap sere kat la nan men enfimyè lekòl la pou l ka jwenn enfòmasyon ki enpòtan yo fasil si sa rive gen yon ijans.
- Gen lòt enfòmasyon sou sante elèv nan pake sa a ki soti nan Sèivs Kowòdonasyon Sante Lekòl la, san wete enstriksyon anrapò ak sante elèv la, obligasyon pou vaksen, direksyon sou mas, ak teknik pou diminye danje COVID-19.

#### **Pwogram Èd Finansye**

- Ansanm ak pake sa a w ap jwenn yon aplikasyon pou Pwogram Èd Finansye distri a. Si w ap patisipe nan pwogram nan kounye a, kalifikasyon w pou pwogram nan te ekspire 31 out 2020. Fòk ou depoze yon nouvo aplikasyon chak ane.
- Pwogram Èd Finansye a pèmèt gen yon pwosesis aplikasyon santral ki bay fanmi èd finansye pou sèten depans ki gen rapò ak lekòl la (pandan ane lekòl sa a), sa gen ladan l spò, enstriman mizik, ak lòt depans tankou jounen lekòl.
- Pwogram Èd Finansye a diferan ke Pwogram Manje Lekòl Gratis/Rabè a: chak pwogram mande yon aplikasyon diferan.
- Pa gen delè pou w depoze yon aplikasyon. Ou gendwa depoze aplikasyon an nenpòt ki lè pandan ane lekòl la.
- Si w prefere ranpli aplikasyon an anliy, [klike isit](#).
- Nou poste plis enfòmasyon sou [Pwogram Èd Finansye](#) a (sa gen ladan l vèsyon aplikasyon an nan lòt lang) sou sit wèb nou an (<https://www.brookline.k12.ma.us/> nan ribrik “Students and Families” la (Elèv ak Fanmi)).

#### **Enfòmasyon sou Manje Maten ak Manje Midi nan Lekòl**

- Nan pake sa a w ap jwenn enfòmasyon sou pwogram sèvis manje nou an.
- Gen yon manda espesyal USDA a (Depatman Agrikilti Ameriken) fè ki mande pou yo sèvi manje maten ak manje midi ki gratis pou tout elèv rive 31 desanm.
- Epitou, nou ajoute enfòmasyon sou “Brookline Thrives” (Brookline Fleri), yon pwogram “Brookline Food Pantry” a (Pandri Manje Brookline) fè.
- Gen enfòmasyon ki itil sou pwogram sèvis manje nou an sou sit wèb nou an nan: <http://www.brookline.k12.ma.us/foodservice>

## Verifikasyon Rezidans ak Chanjman Adrès

### Chanjman Adrès

- Si w te demenaje dènyèman, fòk ou bay dokiman ki pwouve nouvo adrès ou nan Brookline. Li trèzenpòtan adrès ki nan dosye nou yo kòrèk pou w ka jwenn lèt ak anons ki enpòtan yo san reta.
- Tanpri, itilize lyen sa a pou w kòmanse pwosesis chanjman adrès la: <http://www.brookline.k12.ma.us/changeofaddress>
- Anplis fòmilè anliy nan, fòk ou depoze dokiman ki pwouve nouvo adrès ou a anvan nouvo adrès la finalize nan dosye nou yo. Gen enfòmasyon sou jan de dokiman sa yo nan lyen sa a: <http://www.brookline.k12.ma.us/changeofaddress>

### Verifikasyon Rezidans

- Pou yon elèv asiste Public Schools of Brookline (PSB), fòk li rezide nan Vil Brookline nan. Rezidans prensipal yon elèv se kote l rete an pèmanans, se pa kote l rete tanporèman, epi se sant kote l mennen lavi domestik li, lavi sosyal li, ak lavi sivik li chak jou. Kit yon elèv ap aprann a distans, avèk yon modèl melanje, oswa fasafas, sa pa chanje kritè ki mande pou l rezide Brookline pou l ka kalifye pou l emskri nan PSB a.
- Apati fen mwa sa a, Biwo Enskripsyon an pral mande tout fanmi ki aktif yo pou yo ranpli yon deklarasyon sou rezidans. Chak fanmi dwe atann yo pral jwenn yon demann pou yo bay prè rezidans ak abitasyon ki resan. Tanpri, depoze dokiman sa yo nan yon espas 2 semèn depi w fin resevwa demann nou an. Si yon fanmi pa abite prensipalman Brookline jou lekòl yo, elèv la pral bezwen soti nan PSB e enskri nan nouvo distri kote l abite a.

## Fèt Relijye ak Obsèvasyon Kiltirèl: Politik sou Devwa

Nan pake sa a w ap jwenn lèt anyèl ki detaye politik nou sou devwa anrapò ak fèt relijye ak obsèvasyon kiltirèl.

### Sit Wèb Distri a:

Sit wèb nou an (<http://www.brookline.k12.ma.us>) seyon trè bon resous ki gen enfòmasyon ki itil pou ede w kòmanse ane lekòl la. Ou gendwa sitou renmen "[Reopening Hub](#)" ([Sant Ouvèti](#)) a paske l gen anpil enfòmasyon ki itil.

Mèsi pou atansyon w ap bay enfòmasyon sa a ki enpòtan. Nou swete ou menm ak elèv ou meyè ve pou ane lekòl 2020-2021 an!

*Biwo Siveyan Jeneral la*  
*617.730.2401*



Kolèg nou yo ki nan Komite Resansman Vil Brookline nan vle raple w li pa twò ta pou w ranpli Resansman US 2020 an. Si w poko ranpli l, tanpri, pran yon ti tan pou w fè sa pou tèt ou ak pou moun lakay ou yo. Ransèyman nou jwenn nan resansman federal la gen yon efè sou desizyon ki gen rapò ak finans ak politik gouvènman federal la ak gouènman eta a pran. Se sa k fè l enpòtan tout moun enplike. Ou pa bezwen gen okenn dokiman sitwayènte. Si w te rete Brookline 1 avril 2020, ou konte! Enfòmasyon ou bay yo konfidansyèl. Pwosesis la pa pran tan e li fasil. Men, **delè pou w reponn nan se 30 septanm 2020.** Pou w ranpli resansman an, al gade <https://my2020census.gov/> oswa rele nan 1-844-330-2020.



**The Public Schools of Brookline**  
School Health Services  
(Sèvis Sante Lekòl)  
46 Tappan Street  
Brookline, Massachusetts 02445  
617.713.5127

Tricia Laham, MEd, BSN, RN  
Kowòdonatris Sèvis  
Sante Lekòl

Septanm 2020

Chè Fanmi,

Byenveni lekòl ankò! Nou swete ou menm ak fanmi w an sante. Nou gen anpil sousi pou elèv nou yo, pèsònèl nou, ak fanmi nou yo, e nou devwe pou n ba w zouti ak enfòmasyon ki nesèsè pou tout moun ka rete an sekirite nan lekòl la. Siksè nou antanke gwoup baze sou konstwi yon kilti responsablite pèsònèl, kominikasyon, ak kolaborasyon. Tanpri, li mizajou sou sante ki vin apre yo.

Sa ki vin apre a se enfòmasyon ki itil pou kòmansman ane lekòl la. Epi, nou te kreye yon [Prezantasyon PowerPoint pou Paran](#) ak yon [lis kesyon moun poze souvan](#); nou swete w ap twouve yo itil.

### **Lis Bagay pou Verifye pou Ouvèti Lekòl la**

Fòk tout elèv k ap tounen lekòl ranpli kritè ki vin apre yo:

**Verifye vaksen eta a egzije yo ajou epi depoze dokiman nan lekòl la.** Tanpri, note sa: vaksen fyèv la obligatwa kounye a pou tout elèv. Mete sou sa, elèv ki pral fè 7yèm ane a rive nan 11yèm ane a pral bezwen yon doz vaksen doub menengokòk la ("meningococcal conjugate vaccine") pou yo ka antre lekòl.

Selon Depatman Sante Piblik Massachusetts la, kritè lekòl la anrapò ak vaksen, san wete obligasyon pou tout elèv pran vaksen fyèv pou sezon an, aplikab anvè tout elèv Massachusetts ki enskri nan Preskolè rive nan 12yèm ane a, kit distri a ap bay yo ansèyman fasafas, kit se yon modèl melanje, kit y ap aprann a distans. Fanmi yo bezwen **pran vaksen fyèv la anvan 31 desanm 2020**. Depatman Sante Piblik Brookline nan pral ofri klinik fyèv ann otonn; [al gade sit wèb yo a](#) pou w jwenn plis enfòmasyon.

**Suiv lòd Massachusetts bay sou vwayaj ki mande pou moun k ap tounen sot nan pifò andwa mete tèt yo an karantèn.** Selon lòd Gouvènè Baker te bay sou vwayaj jou ki te 1 out la, tout fanmi k ap vwayaje sot nan pifò lòt eta ak peyi oblije mete tèt yo an karantèn pou katòz (14) jou oswa yo oblije fè yon tès COVID-19 ki negatif ki fèt jiska 72 èdtan anvan yo te rive Massachusetts. [Ou ka jwenn plis enfòmasyon isit.](#)

**Bay enfimye lekòl la fòmilè pèmasyon pou bay medikaman ki ajou ki gen siyati medsen pitit ou si pitit ou bezwen medikaman nan lekòl la.** Tanpri, note sa: poutèt pwotokòl COVID-19 yo, nou pap pèmèt moun sèvi ak tretman ki itilize nebilizè nan lekòl la. Medsen gendwa panse ak yon ponp ki bay doz mezire pou itilize nan lekòl la pito.

Tanpri, rele oubyen voye yon imèl bay enfimyè lekòl ou pou w pran yon randevou avè l pou w pote medikaman ak fòmilè pou lekòl la.

**Fè enfimyè lekòl ou a konnen nenpòt bezwen medikal ki kwonik oswa bezwen medikal ki grav pitit ou genyen, ak nenpòt chanjman nan sante l, pa egzanp, alèji ak manje, alèji ak sezon, elatriye.** Tanpri, rele oubyen voye yon imèl bay enfimyè lekòl ou a pou w ka pran yon randevou pou yon vizit fasafas (deyò) oubyen sou entènèt pou n egzamine ransèyman medikal.

**Fè mizajou nan kat kontak pitit ou pou ka ijans epi kreye yon plan pou vin chèche pitit ou nan yon espas 30 minit si enfimyè lekòl la rele w.** Pou w ka voye pitit ou lekòl, fòk ou bay yon nimewo telefòn ak adrès imèl ki verifiye.

**Ranpli yon fòmilè atestasyon sante pou elèv ou a (yo).** N ap mande pèsònèl la ak elèv yo ranpli yon atestasyon sante lakay yo chak jou anvan yo vin lekòl. Nenpòt moun ki gen senptom COVID-19 oblige rete lakay li, e li pa dwe vin lekòl. N ap voye tounen nenpòt moun ki devlope senptom pandan jounen lekòl la. Nou ankouraje w pou w ajoute woutin nan pwogram fanmi w ki gen ladan yo evalyasyon sante w ap fè chak jou a. Ti etap ou suiv pou w kreye yon woutin ka gen yon gwo efè: mete tèmomèt ou toupre sereyal ou oubyen kafetyè w; mete yon alam nan telefòn ou pou w fè evalyasyon sante a pandan petidejene a; mete yon ansèy sou frijidè w oubyen nan pòt soti a ki di "Èske m te veriye tanperati pitit mwen jodi a? Èske m te mande l pou senptom COVID-19 yo jodi a?" Evalyasyon sante ou fè chak jou a ak kenbe ou kenbe pitit ou lakay si l gen senptom se pati esansyèl k ap pèmèt ane lekòl la reyisi.

### **Konfidansyalite**

Enfimyè lekòl la pral travay ansanm ak pèsònèl Depatman Sante Brookline nan pou yo kontwòle ka COVID-19 ki konfime pozitif oubyen ki potansyèl. N ap pibliye yon anon jeneral pou kominote lekòl la si gen yon ka COVID-19 konfime. Nou pap bay okenn non moun oubyen enfòmasyon pou idantifye yo, ann amoni ak egzijans legal yo. **Nou dwe rapòte senptom COVID-19 yo bay enfimyè lekòl la dirèkteman.**

### **Materyèl nou Rekòmande pou Fasilite Sante Fanmi w:**

- Yon tèmomèt nan kay la ki fonksyone
- Ase mas pou chak jou lekòl, yon fason pou gen omwen youn pou l mete ak youn de rezèv. Si sa posib, tanpri, mete non pitit ou sou mas li yo.
- Yon sachè papyè/bokal ki gen non pitit ou pou l ka gen yon kote pou l mete mas la.
- Yon po li ka mete dlo ladan l (ap gen kote pou plen po dlo; n ap fèmen tiyo kote moun te konn bwè dlo dirèkteman)
- Dezenfektan pou men si w vle pou pitit ou gen stòk pa l (sa pa obligatwa)

### **Teknik pou Diminye Danje**

Tout manm pèsònèl ak tout elèv ant Pre-Kindègadenn ak 12yèm ane a oblige mete yon mas pou aktivite k ap fèt fasafas atravè jounen lekòl la, sof lè y ap manje, lè y ap bwè dlo, oswa pandan ti poz ki fèt pou retire mas. N ap fè eksepsyon pou elèv ki pa ka mete mas akòz laj yo, kondisyon medikal yo, andikap yo genyen, oswa lòt konsiderasyon sante ak sekirite. Yon lèt nan men medsen pitit ou a obligatwa pou l kalifye pou eksepsyon sa a. Si sa posib, elèv sa yo gendwa mete lòt bagay devan figi yo. Chak klas pral gen yon kantite mas de rezèv ki disponib selon bezwen an.

**Mas ki pa Konvnab:**

- Nou pa rekòmande mas chirijikal ak mas ki gen respiratè (nou dwe kite yo pou pwofesyonèl medikal).
- Nou entèdi mas ki gen valv/degajè paske yo pèmèt kras ak lè soti.
- Lòt mas ki pa konvnab gen ladan yo mas moun manyen souvan, sa ki fè yo kontamine men moun ki mete yo a, tankou chosèt pou kou, balaklava, ak mouchwa mare.

**Mas ki konvnab pou pèsònèl ak elèv dwe:**

- Sere, men konfòtab, sou toude bò figi ou yo
- Kouvri tout nen w ak bouch ou
- Fikse avèk ti kòd ou mare oubyen pase dèyè zòrèy ou yo
- Gen plis pase yon sèl kouch twal
- Pèmèt ou respire san restriksyon
- Ka lave e seche nan machin san l pa ni domaje ni chanje fòm

N ap asire gen 6 pye distans fizik ant chak moun depi sa posib. Angwo, n ap limite kontak fizik pwòch epi pèsònèl la pral lave/dezenfekte men yo lè yo rive nan lekòl la e souvan atravè jounen lekòl la.

N ap netwaye e dezenfekte twalèt ki gen plizyè plas selon yon pwogram, yon fwa pandan dezyèm tyè jounen an e ankò apre lekòl. N ap flite biwo ak kote moun manyen avèk yon zouti flit elektwostatik pou dezenfekte sifas yo apre lekòl la fèmen. Finalman, tout pwofesè ak pèsònèl pral gen aksè ak pwodui netwayaj pou yo dezenfekte sifas lè timoun yo pa nan espas la.

**Ki lè m pa dwe voye pitit mwen lekòl?**

- Elèv ou (yo) gen senptom ki ta endike COVID-19 epi/oswa yon pwofesyonèl lasante konfime l gen COVID-19
- Elèv ou (yo) ak/oswa manm fanmi w yo se kontak pwòch dapre lekòl ou, travay ou, ak/oswa depatman sante lokal ou.
- Si elèv ou gen senptom ki ta endike l gen COVID-19 e/oswa li te yon kontak pwòch yon ka COVID-19 konfime, l ap bezwen mete tèt li an karantèn lakay ou pou 14 jou. Si ou menm oubyen elèv ou gen senptom COVID-19 oubyen nou te ekspoze ak COVID-19, tanpri, kontakte medsen w ak enfimyè lekòl ou.
- Nou rekonèt li difisil pou w pa voye pitit ou lekòl lè l malad oswa lè l bezwen rete an karantèn. Nou gen kèk resous sou sit wèb sante nou an e n ap kontinye fè mizajou ladan l.

Nou devwe pou n ba w dènye enfòmasyon yo pandan CDC a (Sant Kontwòl Maladi), DESE a (Depatman Edikasyon Elemantè e Segondè), Massachusetts, ak Konsèy Sante Lokal yo kontinye fè mizajou nan pwotokòl COVID-19 yo. Tanpri, al gade sit wèb nou ([www.brookline.k12.ma.us/nurses](http://www.brookline.k12.ma.us/nurses)) pou w jwenn dokiman sante, fòmilè ki enpòtan, ak kòdone enfimyè lekòl.

Nou konprann gen enkyetid ak laperèz pandan nou fè fas ak ane lekòl sa a. Objektif nou se pou n soutni elèv yo, fanmi yo, ak pèsònèl la pandan nou kreye yon kilti sante ak sekirite nan lekòl nou yo. Nou pa ka tann pou n leve defi ane lekòl la pote yo ansanm.

Sensèman,

Tricia Laham MEd, BSN, RN

Kowòdonatris Sèvis Sante Lekòl





## **Aplikasyon pou Èd Finansye Anyèl**

Chè Paran/Responsab;

Sa se yon aplikasyon anyèl pou fanmi pou plizyè pwogram èd. Grenn aplikasyon sa a anglobe pifò depans ki gen rapò ak lekòl la pou tout ane a, sof jounen lekòl opsyonèl yo ak pwogram ak manje midi lekòl la ofri yo; gen yon lòt aplikasyon pou Manje Gratis/Rabè. Fòmilè sa a pa enskri pitit ou nan pwogram. Pa gen anplwaye, antrènè, oubyen manm pèsònèl ki gen otorite pou yo pase sou kèlkeswa frè oubyen depans san lèt detèminasyon revni an nan men Ofisye Finans lan.

Pwogram Èd Finansye Public Schools of Brookline nan pran yon desizyon sou baz revni **TOUT** moun ki nan kay la. Nenpòt moun ki rete lakay ou oblije depoze dokiman sou revni l, san wete moun ki plase/marye avè w, fanmi, ak nenpòt lòt moun ki rete nan adrès ou a.

**Nan lis dokiman nou aksepte ki pi ba a, tanpri, depoze tout sa ki aplikab pou fanmi pa w la:**

### **Enpo sou Revni oubyen asistans lojman BHA (Otorite Lojman Brookline):**

1. Si w te depoze enpo sou revni pou 2019; nou bezwen transkripsyon IRS la (Sèvis Revni Entèn) pou 2019 pou tout adilt ki rete nan kay la. Nou pap aksepte dokiman sou enpo sou revni an, sof dokiman ki soti nan IRS la (**nou pa aksepte fòmilè 10-40 lan**). Rele 800-908-9946 oubyen al gade <https://www.irs.gov/>. Sou paj akèy la, klike sou "Get Your Tax Record" (Chèche Dosye Enpo pa w la). Klike sou "Get Transcript Online" (Chèche Transkripsyon an Anliy). Li gratis e w ap jwenn li 5 a 10 jou apre w fin mande l.
2. Otorite Lojman Brookline nan: Detèminasyon Revni/Fèy Kalkil (mande dènye dokiman an nan men manadjè biwo BHA la). Sa se sèl dokiman ki obligatwa si elèv la rete nan kay BHA.

### **Lèt Revni: Depoze yon kopi dènye done yo si w resewa yo:**

3. Si w ap leve pitit ou poukont ou, nou bezwen Akò sou Peman pou Ansyen Konjwen ak Sipò pou Pitit (pou w mande dokiman sou sipò pou pitit, al gade <https://www.mass.gov/orgs/child-support-enforcement-division> oubyen rele nan 617-660-1234);
4. Revni Sekirite Sipleman (SSI) ak Revni Andikap;
5. Dedomajman pou Chomaj ak Peman pou Revokasyon;
6. Lèt sou Èd ak Byenfè Tranzisyon (yo bay li chak mwa out oubyen lè yon paran mande l);
7. Sipò pou fanmi: kado, ofrann, lajan yon moun ki pa nan kay la ba w—depoze yon manda ki esplike ki sipò yo bay fanmi w.

### **Lèt èd pou fanmi an: Depoze yon kopi lèt detèminasyon an oubyen manda sipò a:**

8. Bous Lojman Seksyon 8;
  9. Sipò pou lojman (pa egzanp, lojman kote w pa peye lwaye, si w rete ak fanmi oubyen zanmi) – depoze manda ki endike ki spò fanmi w jwenn
- Nou jere *pitit akèy* antanke yon sèl kay e nou pa konsidere yo kòm manm fanmi kote yo rete a ni yo pa fè pati revni paran akèy la.
  - *Fanmi ki vwayaje avèk yon VIZA* –
    - Viza ki pa pou Imigran (pa egzanp, yon viza B, F, H, oubyen J) ou pa kalifye pou Èd Finansye.
    - Viza Imigran e w te depoze yon Manda Sipò (pa egzanp, I-864, I-134) ansanm ak aplikasyon viza w; ou pa kalifye pou Èd Finansye.

Li nesesè pou w ranpli tout enfòmasyon yo pou n ka pran yon desizyon. Nou pap akòde aplikasyon ki pa konplè. Lè nou fin pran yon desizyon sou kalifikasyon w, n ap fè w konnen desizyon an nan yon lèt. Tanpri, ban nou 4 semèn pou n travay sou li.

**Pou w jwenn plis enfòmasyon, tanpri, al gade sit wèb Public Schools of Brookline nan: <https://www.brookline.k12.ma.us/>**

Sensèman,  
Mary Ellen Normen,  
Siveyan Jeneral Adjwen pou Administrasyon ak Finans

Tel: (617) 730-2425  
[financialassistance@psbma.org](mailto:financialassistance@psbma.org)



**THE PUBLIC SCHOOLS OF BROOKLINE**  
 333 WASHINGTON STREET  
 BROOKLINE, MASSACHUSETTS 02445

**Aplikasyon pou Èd Finansye**  
**Ane Lekòl 2020-2021**

Paran/Responsab Prenon	Paran/Responsab Non Fanmi	Nimewo Telefòn	Adrès (Ri, Vil, Zip)
Lòt Paran/Responsab Prenon	Lòt Paran/Responsab Siyati	Nimewo Telefòn	Adrès, si l pa menm ak sa ki pi wo a
Adrès Imèl			

Prenon Pitit ou	Siyati	Ane Lekòl pou 2020/21	Non lekòl pou 2020/2021

Kantite moun nan fanmi an (adilt + timoun)

<b>Dokiman ki Obligatwa e ki Akseptab</b> (bay kopi tout sa ki gen rapò ak revnni fanmi w)	Mete yon tchèk si w ajoute yo
1. Trankripsyo IRS pou 2019 <a href="https://www.irs.gov/">https://www.irs.gov/</a> (se pa dokiman enpo 10-40 lan)	
2. Otorite Lojman Brookline: Detèminasyon Revni/Fèy Kalkil. Sa se sèl dokiman ki nesesè si elèv la rete nan kay BHA.	
3. Akò sou Peman pou Ansyen Konjwen ak Sipò pou Pitit	
4. Revni Sekirite Siplemanchè (SSI) ak Revni Andikap	
5. Dedomajman pou Chomaj ak Peman pou Revokasyon	
6. Lèt sou Èd ak Byenfè Tranzisyon	
7. Sipò pou fanmi: kado, ofrann, lajan yon moun ki pa nan fanmi an ban nou	
8. Bous Lojman Seksyon 8	
9. Sipò pou Lojman (pa egzantp, lojman kote w pa peye lwaye, rete ak fanmi oubyen zanmi)	
10. Dokiman pou Timoun Akèy	

**DEPOZE**  
**APLIKASYON AN**  
**ANSANM AK**  
**DOKIMAN KI**  
**OBLIGATWA YO.**

**Nou pap akòde aplikasyon an san dokiman ki obligatwa yo.**

Nou skane e detwi tout dokiman yo. Tout dokiman w bay yo rete konfidansyèl, nou pa pataje yo avèk okenn lòt biwo oubyen depatman e nou pap mete yo nan okenn dosye elèv.

**Fòk se yon manm kay la ki adilt ki siyen aplikasyon an.**

*Mwen sètifye (pwomèt) tout enfòmasyon ki nan aplikasyon sa a laverite e mwen rapòte tout revni fanmi an. Mwen konprann lekòl la pral jwenn fon federal sou baz enfòmasyon mwen bay yo. Mwen konprann ofisye lekòl yo gendwa verifye (konfime) enfòmasyon an. Mwen konprann si m fè espre mwen bay fo enfòmasyon, pitit mwen yo gendwa pèdi byenfè yo e yo gendwa fè pwosè kont mwen.*

Tape non konplè w pou w siyen isit: \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_

**VOYE FÒMILÈ SA OU FIN RANPLI A AK TOUT DOKIMAN KI OBLIGATWA YO NAN IMÈL BAY:**  
**FINANCIALASSISTANCE@PSBMA.ORG**



## Enstriksyon sou Transkripsyon pou Enpo sou Revni:

### Opsyon #1A: Demann Anliy - gade, telechaje, e/oswa enprime Transkripsyon w

- Ale sou sit wèb IRS la (Sèvis Revni Entèn) nan <https://www.irs.gov/>
- Sou paj dakèy la, klike sou “Get Your Tax Record” (Chèche Dosye Enpo w).
- Klike sou “Get Transcript Online” (Chèche Transkripsyon Anliy).
- W ap bezwen enfòmasyon ki vin apre yo: Non Konplè, Imèl, Dat Nesans, Nimewo Sekirite Sosyal, Stati w pou Depoze Revni, Nimewo telefòn selilè nan U.S., ak Adrès aktyèl ou. Pou w verifye idantite w y ap bezwen ransèyman sou YOUN nan sa yo: Kat Kredi **OSWA** Prè pou Achte Kay oubyen Ekite Kay **OSWA** Liy Kredi pou Ekite Kay **OSWA** Prè pou Machin.
- Kounye a ou ka klike sou “2019 Return Transcript” (Transkripsyon 2019) pou w gade, telechaje, e/oswa enprime l. Pa sèvi ak lyen “Account Transcript” la paske se pa yon kopi tout enpo sou revni an.

### Opsyon #1B: Fè Demann Anliy – fè yo voye Transkripsyon an nan lapos

- Ale sou sit wèb IRS la nan <https://www.irs.gov/>
- Sou paj dakèy la, klike sou “Get Your Tax Record” (Chèche Dosye Enpo w).
- Klike sou “Get Transcript Online” (Chèche Transkripsyon Anliy).
- W ap bezwen enfòmasyon ki vin apre yo: Nimewo Sekirite Sosyal oswa Nimewo Idantite Enpo, Dat Nesans, ak adrès lapos ki te sou dènye enpo sou revni w.
- Si w reyisi valide, w ap ka jwenn yon Transkripsyon pou Enpo sou Revni nan men IRS la nan adrès ki nan demann anliy nan nan yon espas 10 jou depi lè IRS la resevwa demann ou an anliy.
- Ou pa ka mande IRS la voye yon Transkripsyon pou Enpo sou Revni IRS bay yon lòt adrès dirèkteman.

### Opsyon #2: Demann nan Telefòn

- Ou ka jwenn li nan men IRS la lè w rele 1-800-908-9946.
- Ou dwe suiv enstriksyon yo epi mete nimewo sekirite sosyal ou ak nimewo ki nan adrès ou. Nòmalman se nimewo ki nan adrès ki te nan dènye enpo sou revni ou te depoze a. Sepandan, si adrès la te chanje pa mwayen U.S. Postal Sèvice la, IRS la gendwa gen nouvo adrès la nan dosye l yo.
- Chwazi “Opsyon 2” pou w fè demann yon Transkripsyon pou Enpo sou Revni IRS epi mete “2019”.
- Si w reyisi valide, w ap jwenn yon Transkripsyon pou Enpo sou Revni IRS la sou papye nan adrès ou te itilize nan demann ou te fè nan telefòn nan, nan yon espas 5 a 10 jou depi lè IRS resevwa demann nan.
- Ou pa ka mande nan telefòn pou IRS la voye yon Transkripsyon pou Enpo sou Revni IRS nan yon lòt adrès.

### Lyen ki Itil:

Transkripsyon pou Enpo sou Revni: <https://www.irs.gov/individuals/get-transcript>

Mande yon Transkripsyon: <https://sa.www4.irs.gov/irfof-tra/start.do>

## KÒMANSE ISIT

Brookline Public Schools  
Aplikasyon pou Èd Finansye

Ki doiman m bezwen bay  
ansanm ak aplikasyon m?

Èske w isit grasa yon viza ki pa pou  
imigran? (Viza A, B, D, E, F, G, H, I ak J)

WI

Viza ki pa pou imigran (viza A, B, D, E, F,  
G, H, I ak J) pa kalifye pou Èd Finansye.

NON

Èske w rete nan kay Otorite Lojman  
Boston oubyen Brookline?

NON

Èske w te depoze enpo  
avèk IRS la an 2019?

WI

NON

WI

Tanpri, ban nou Fèy  
Detèminasyon/Kalkil Revni Otorite  
Lojman Brookline nan. Ou ka mande  
manadjè bilding nan li. Se sèl  
dokiman w ap bezwen.

Èske w te depoze enpo  
sou revni avèk IRS la  
an 2019 antanke chèf  
kay la / selibatè?

NON

WI

Èske w te depoze enpo  
avèk IRS la an 2019  
Marye Depoze Ansanm?

WI

Tanpri, ban nou Revni  
Sekirite Siplemantè  
(SSI) ak Revni Andikap;  
OSWA Konpansasyon  
Chomaj ak Peman  
Revokasyon; OSWA  
Lèt Asistans  
Tranzisyon ak Byenfè.

Si w te depoze: *Marye Depoze  
Ansanm*: Tanpri, ban nou transkripsyon  
IRS la pou 2019. Nou pap aksepte  
dokiman enpo ki soti lòt kote ke IRS la  
(**nou pa aksepte fòmilè 10-40 lan**).  
Rele nan 800-908-9946 oswa al gade  
<https://www.irs.gov/>. Nan paj dakèy la  
klike sou "Get Your Tax Record"  
(Chèche Dosye Enpo w). Klike sou "Get  
Transcript Online" (Chèche  
Transkripsyon Anliy). Li gratis, l ap rive  
nan 5 a 10 jou apre w fè demann nan.

Tanpri, ban nou transkripsyon IRS la pou  
2019 pou tout adilt ki rete lakay ou. Nou  
pap aksepte dokiman enpo ki soti lòt  
kote ke IRS la (**nou pa aksepte fòmilè 10-  
40 lan**). Rele nan 800-908-9946 oswa al  
gade <https://www.irs.gov/>. Sou paj dakèy  
la klike sou "Get Your Tax Record"  
(Chèche Dosye Enpo w). Klike sou "Get  
Transcript Online" (Chèche Transkripsyon  
Anliy). Li gratis, l ap rive nan 5 a 10 jou  
apre w fè demann nan.

Si w se yon paran selibatè nou bezwen  
Kontra sou Sipò pou Ansyen Konjwen ak  
Pitit la (pou w mande dokiman sou Sipò  
pou Pitit, al gade  
[https://www.mass.gov/orgs/child-  
support-enforcement-division](https://www.mass.gov/orgs/child-support-enforcement-division) oswa rele  
nan 617-660-1234);

## Public Schools of Brookline Pwogram Sèvis Manje

Kòmansman ane lekòl la rive! Nou byen kontan pataje avè w bon nouvèl ki vin apre a: Jou ki te 31 out la, USDA a (Depatman Agrikilti Ameriken) te pwolonje renonsyasyon ki pèmèt lekòl yo bay **TOUT elèv manje maten gratis ak manje midi gratis rive jis 31 desanm 2020.**

### ***Sa renonsyasyon sa a vle di pou fanmi w:***

- Pitit ou pral jwenn yon manje maten ak manje midi ki bon pou lasante chak jou gen lekòl, san n pa peye anyen, nan yon kad ki an sekirite e akeyan. Sa se pou elèv k ap asiste kou fasafas, elèv k ap suiv kou a distans lakay yo, oswa yon konbinezon toude, jan nou pral fè sa pi devan grasa yon modèl melanje.
- Fanmi k ap aprann a distans yo gendwa vin chèche repa yo nan andwa nou deziyen atravè distri a oswa pa mwayen sèvis Livrezon Manje Mobil la.
- Renonsyasyon USDA a pèmèt nou bay pitit ou yo repa ki pi nourisan e pi gou posib. Tank nou sèvi repa se tank n ap jwenn finansman, sa ki pral pèmèt nou fokis sou kalite manje yo, varyete, ak inovasyon (nouvo resèt, manje jele ou ka pote lakay ou, elatriye). Si pitit ou poko patisipe nan repa lekòl, eseye pwogram nan ane sa a!
- Renonsyasyon USDA a ede w ekonomize tan ak lajan. Lefètke ou pèmèt nou prepare repa pou pitit ou yo, ou pa oblije planifye e fè acha pou manje maten ak manje midi pou pitit ou chak jou lekòl.

Pou kounye a n ap ofri 2 kalite sèvis manje.

### **Ansèyman Fasafas**

Elèv k ap patisipe nan ansèyman fasafas nan lekòl yo ka jwenn manje si yo kòmande yo davans pou yo livre yo nan klas yo. Pou plase kòmman manje, paran yo bezwen kreye yon kont epi plase kòmman sou entènèt nan [ordering.linq.com](http://ordering.linq.com).

### **Aprann a Distans**

Elèv k ap aprann a distans yo ka jwenn manje (manje maten ak manje midi) nan nenpòt andwa nou rezève pou yo vin chèche manje ki nan tablo ki pi ba a. **Ou pa bezwen enskri pou w vin chèche manje!** Nou ankouraje fanmi elèv k ap aprann a distans yo vin chèche manje nan andwa ki pi pre yo a. Tanpri, note sa: nou espase lè pou vin chèche manje yo yon faosn pou n fasilite paran k ap travay e pou l pa nan menm lè ak lè elèv yo ap aprann a distans. Nenpòt paran oubyen responsab ka vin chèche manje pou pitit yo. Yon pake ki gen manje pral gen ladan l manje maten ak manje midi pou jou ou pap vin chèche manje. Nan tablo pi ba a nou site tout kote w ka chèche manje ak ki lè pou w fè sa.

### **Enfòmasyon sou meni an**

Sit wèb nou an, [publicschoolsofbrooklineschoolnutrition.com](http://publicschoolsofbrooklineschoolnutrition.com), gen plis enfòmasyon sou meni ak nitrisyon. Tanpri, al gade sit la pou w jwenn paj meni enteraktif ak meni pou chak mwa. Nou pral kontinye travay di pou n bay pitit ou yo manje de kalite pandan peryòd difisil sa a.

**\* Vin Chèche Manje jou Lendi, Mèkredi, ak Vandredi yo**

Andwa	Adrès	Lè pou Vini	Sa li ye
Brookline High School	115 Greenough Street (devan bilding prensipal la)	5:00-6:00pm	Kote w ka vin chèche
Pierce School	50 School Street (nan paking Lameri a)	5:00-6:00pm	Kote w ka vin chèche
BHA 226 High Street	30 New Terrace Road	3:30-3:45pm	Mobil
BHA 22 High Street	22 High Street	3:50-4:15pm	Mobil
BHA Egmont Street	55R Egmont Street	4:30-4:45pm	Mobil
Baker School	Antre devan an -205 Beverly Road	5:00-5:15pm	Mobil
Ridley School	Antre ki sou Stedman Street	4:50-5:00pm	Mobil

**Peman pou Repa**

N ap sèvi repa GRATIS pou tout elèv ki nan Brookline depi kounye a pou rive 31 desanm 2020 (paran yo pap peye anyen). Pou kounye a, tanpri, **PA** fè okenn peman avèk aplikasyon “myschoolbucks” la. Si w gen yon kont “myschoolbucks”, n ap mande w konekte ak kont ou an epi fèmen peman otomatik yo (“autopay”).

Distri a ap rakousi pwosesis peman l lan e li pral kòmanse itilize yon nouvo sistèm peman lè manje gratis yo fini 31 desanm 2020. Piske tout manje GRATIS, nou vle ba w yon bagay an mwens k ap chaje tèt ou, se sa k fè nou poko voye ba w enfòmasyon sou ki jan pou w kreye yon nouvo kont jiskaske nou pi pre lè renonsasyon an pral ekspire a.

Si w se yon nouvo fanmi, w ap resevwa enstriksyon detaye pi devan ann otonn sou ki jan pou w kreye kont repa anliy pou pitit ou. Tout fanmi ki deja gen kont, y ap transfere yo otomatikman nan nouvo sistèm nan. Pou fanmi ki deja gen kont, nenpòt balans ki te sou kont pitit ou a pral transfere nan nouvo sistèm nan. Pi devan ann otonn nou pral voye enstriksyon detaye ak direksyon etap pa etap sou nouvo sistèm peman nou an.

**Aplikasyon Manje Gratis/Rabè**


Distri a kontinye aksepte Aplikasyon Manje Gratis/Rabè anliy nan <https://www.lunchapplication.com> oswa nou ka voye yon kopi sou papye ba w si w mande n li. Si w kalifye pou pwogram Manje Gratis/Rabè a, sa ka ba w aksè tou ak plizyè lòt byenfè, donk ou dwe panse fè demann nan menmsi ou pa bezwen l kounye a pou manje lekòl.

Si w gen kesyon sou aplikasyon manje gratis/rabè a, tanpri, kontakte [tess\\_washburn@psbma.org](mailto:tess_washburn@psbma.org). Aplikasyon sou papye disponib si w mande n youn oswa ou ka telechaje yo nan [www.brookline.k12.ma.us/foodservice](http://www.brookline.k12.ma.us/foodservice). Nou aksepte aplikasyon nenpòt lè pandan ane a, donk si sityasyon finansye fanmi w chanje, tanpri, fè demann nan.

Si w gen lòt kesyon, tanpri, kontakte Direktris Sèvis Manje a, Sasha Palmer, nan 617-730-2499 oswa pa mwayen imèl nan [sasha\\_palmer@psbma.org](mailto:sasha_palmer@psbma.org).

YON PWOGRAM BROOKLINE FOOD PANTRY

**BROOKLINE**



**THRIVES**

*N ap Nouri Timoun pou yo ka Aprann*

# **Pwogram Manje Gratis Lewikenn apati 2 Oktòb 2020**

Brookline Thrives (“Brookline Fleri”) ap ofri sachè gratis pou nenpòt fanmi ki t ap benefisye plis manje pou pitit yo pandan wikenn nan. Chak sachè ki pa make gen ladan l 2 bagay pou manje nan maten, 2 bagay pou manje a midi, 2 lèt, ak ti manje pou tout semèn nan. Tout repa yo se pou yon sèl moun e w pa oblije mete yo nan frijidè.

## **Pou Elèv k ap Aprann Fasafas ki nan lekòl BEEP, Florida Ruffin Ridley, Lincoln, ak Pierce**

Y ap livre sachè Thrives yo bay elèv nan lekòl yo jou vandredi yo. Fòk fanmi yo enskri pou yo jwenn sachè nan lekòl yo. Lekòl ou pral ba w plis enfòmasyon nan semèn k ap vini yo sou ki jan pou w enskri pou w jwenn sachè Thrives.

## **Elèv k ap Aprann a Distans e Fasafas ki nan BHS, Baker, Driscoll, Heath, Lawrence, ak Runkle**

W ap ka vin chèche sachè Thrives nan pifò andwa ak lè moun vin chèche Manje Lekòl jou vandredi yo. Ou pa bezwen enskri pou w vin chèche sachè Thrives kote w vin chèche yo.

**Fanmi yo gendwa pran sachè Thrives pou tout timoun ki lakay yo.**

Si w gen kesyon, oswa pou w jwenn plis enfòmasyon,  
voye yon imèl bay [thrives@brooklinefoodpantry.org](mailto:thrives@brooklinefoodpantry.org)





**The Public Schools of Brookline**  
Brookline Town Hall  
333 Washington Street, 5<sup>th</sup> Floor  
Brookline, Massachusetts 02445  
617.730.2401

**V. James Marini, Ph.D.**  
Siveyan Jeneral Tanporè

Septanm 2020

Chè Fanmi,

Mwen kontan m ka pataje lis obsèvasyon relijye e kiltirèl pou ane a. Pou paran ak responsab k ap tounen yo, w ap gentan abitye ak lèt sa a ak lis la. Pou fanmi ki nouvo nan distri lekòl la, tanpri, pran yon ti tan pou w li enfòmasyon ki vin apre a pou w konprann objektif ak entansyon ki dèyè mesaj sa a.

Elèv Public Schools of Brookline yo reprezante yon kominote elèv ki divès. Youn nan karakteristik kle distri nou an se selebre nou selebre divèsite sa a. Prensip de baz PSB a, “Respekte Diferans ki gen ant Moun”, mande pou n onore divèsite ki gen nan Brookline nan e apresye diferan pwennvi ak eksperyans ki anrichi lekòl nou yo.

Souvan paran ak elèv souve kesyon sou afè asiye devwa pandan fèt relijye e kiltirèl. Sa ki vin apre a se yon seri pwotokòl, ann amoni ak Politik sou Devwa Komite Lekòl la fè a, ki gide pwofesè yo lè y ap asiye devwa nan moman sa yo. Lè n suiv pwosedi sa yo, nou montre n devwe pou n bay elèv nou yo okazyon pou yo plèyman pwofite fèt ak selebrasyon relijye e kiltirèl.

Ansanm ak lèt sa a w ap jwenn yon lis fèt ak dat presi pou ane lekòl 2020-2021 an.

### **Kategori 1:**

*Sa sa vle di:* Lè pèsone ak elèv absan, sa gen yon efè sou kapasite nou genyen pou n fè kou nan dat sa yo oswa pandan peryòd sa yo. Antanke “jou asistans fèb”, sèten fèt kategori 1 tou fè pati konje lekòl.

*Enstriksyon:* Yo pap asiye okenn devwa pou okenn kou pou tout elèv nan dènye jou lekòl anvan fèt kategori 1. Yon pwofesè pa ka mande yo remèt devwa lakay, pwojè, prezantasyon, ak lòt devwa jiska omwen dezyèm jou lekòl apre fèt la, menm nan ka kote gen yon konje lekòl long. Menm politik la aplikab anvè egzamen.

### **Kategori 2:**

*Sa sa vle di:* Lekòl toujou fèt paske fèt sa yo pa yon “jou asistans fèb”. Sepandan, yon bon pati nan popilasyon elèv nou an toujou selebre yo.

*Enstriksyon:* Pwofesè yo pap asiye okenn devwa pou okenn kou pou tout elèv nan dènye jou lekòl anvan fèt kategori 2 yo. Yon pwofesè pa ka mande yo remèt devwa lakay, pwojè, prezantasyon, oswa lòt devwa anvan omwen dezyèm jou lekòl apre fèt la, menm nan ka kote gen yon konje lekòl ki long. Menm politik la aplikab anvè egzamen.

### **Kategori 3:**

*Sa sa vle di:* Lekòl toujou fèt paske fèt sa yo afekte yon kantite elèv ki pi piti pase 2 kategori ki vin anvan yo.

*Enstriksyon:* Elèv ki pa ka fè devwa yo poutèt kalite fèt sa a dwe fè pwofesè yo konn sa pou yo ka aranje ak elèv la pou l remèt devwa a yon lòt lè, san l pa pèdi kredi pou sa. Epi, nou ankouraje paran yo kontakte pwofesè yo si yon fèt kategori 3 afekte kapasite yon elèv genyen pou l fè yon devwa. Lis ki ansanm ak lèt sa a gen ladan l pifò dat kategori 3 yo, men l pa gen tout dat ki posib yo.

## **Konje Remèsiman**

Anplis fèt relijye e kiltirèl nou pale pi wo yo, nou pap asiyen devwa pandan konje Remèsiman an (“Thanksgiving”). Pwofesè pap mande elèv remèt pwojè, prezantasyon, ak lòt devwa jiska omwen dezyèm jou lekòl apre konje Remèsiman an. Menm politik la aplikab anvè egzamen.


Nan tout sitiyasyon nou dekri pi wo yo, n ap mande pwofesè yo obeyi ni “lwa” direksyon an, ni “prensip” ki dèyè l la. Pa egzanzp, n ap mande anseyan yo pou yo pa bay “doub” devwa anvan yon fèt.

## **Spò**

Pwogram spò nou yo se yon lòt aspè enpòtan nan edikasyon elèv nou yo. Kèlkeswa kategori a, antrènè yo pral konnen e sansib anvè fèt relijye e kiltirèl elèv atlèt yo ak fanmi yo. Pap gen konsekans sou atlèt yo poutèt yo te rate match ak/oswa antrènman poutèt obsèvasyon relijye yo. Sepandan, Brookline High School pa pwograme match pou lig ak match ki pa pou lig nan okenn dat kategori 1. Gendwa gen antrènman ki pa obligatwa nan dat kategori 1 yo avèk apwobasyon Direktè Spò a davans.

Mwen rekonesan mwen ka sèvi antanke siveyan jeneral tanporè nan yon distri lekòl ki montre l devwe anvè divèsite yon fason ki vizib konsa. Mwen apresye atansyon w bay enfòmasyon enpotan sa a.

Sensèman,



Jim Marini

Siveyan Jeneral Tanporè



### Kategori 1

Rosh Hashanah (Premye Jou)	Samdi, 19 Septanm 2020
Yom Kippur	Lendi, 28 Septanm 2020
Nwèl	Vandredi, 25 Desanm 2020
Nouvo Ane Linè	Vandredi, 12 Fevriye 2021
Vandredi Sen	Vandredi, 2 Avril 2021
Pak	Dimanch, 4 Avril 2021

### Kategori 2

Eid al-Adha	Vanredi, 31 Jiyè 2020
Fèt Pak Juif (Premye Jou)	Dimanch, 28 Mas 2021
Eid al-Fitr	Jedi, 13 Me 2021*

### Kategori 3\*\*

Rosh Hashanah (Dezyèm Jou)	Dimanch, 20 Septanm 2020
Sukkot (Dezyèm Jou)	Samdi, 3 Oktòb 2020
	Dimanch, 4 Oktòb 2020
Diwali	Samdi, 14 Novanm 2020
Hanukkah	Vandredi, 11 Desanm 2020
Ekinoks Ivè	Lendi, 21 Desanm 2020
Kwanzaa	Samdi, 26 Desanm 2020
Nowruz	Dimanch, 21 Mas 2021
Fèt Pak Juif (lòt dat yo)	Lendi, 29 Mas 2021
	Samdi, 3 Avril 2021
	Dimanch, 4 Avril 2021
Vandredi Sen (Òtodoks de Lès)	Vandredi, 30 Avril 2021
Pak (Òtodoks de Lès)	Dimanch, 2 Me 2021
Shavuot	Lendi, 17 Me 2021
	Madi, 18 Me 2021

### Konje Remèsiman

Jedi ak Vandredi, 26-27 Novanm 2020

*\*Yo konfime fèt ki nan kalandriye islamik la sèlman apre yo wè lalin nan. Kidonk, dat sa a gen dwa chanje apre obsèvasyon astronomi yo fè pi pre fèt la.*

*\*\*Lis sa a pa gen tout dat kategori 3 yo nèt.*